

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**


#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta maké métode déskriptif kalawan maké pamarekan kualitatif, sabab éta data téh bakal dianalisis tuluy engkéna baris didéskrripsikeun hasilna. Ieu hal téh luyu jeung nu ditétélakeun ku Bogdan jeung Taylor (dina Muhammad, kc. 30) yén metodologi kualitatif minangka prosedur panalungtikan nu ngahasilkeun data déskriptif mangrupa kecap-kecap tulisan atawa lisan tina paripolah jalma nu ditalungtik.

Ari métode déskriptif nya éta métode nu udaganana pikeun nyieun déskripsi, hartina éta data téh engkéna baris dijieun gambaran, lukisan sacara sistematis, faktual jeung akurasi ngeunaan data, sifat-sifat, sarta hubungan fénoména-fénoména anu ditalungtik. (Djajasudarma, 2010, kc. 9). Dumasar kana wangenan di luhur, ieu panalungtikan téh nyokot data kasalahan éjahan siswa kelas VII dina karangan narasi kaulinan barudak SMP Negeri 9 Bandung taun ajar 2022/2023 nu ahirna baris didéskrripsikeun kasalahan-kasalahan éjahanana. Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé nyokot kana hasil data angkét nu mangrupa perséntase pikeun ngitung faktor nu mangaruhan siswa kana larapna kasalahan éjahan basa Sunda dina nulis karangan narasi kaulinan barudak, sarta didéskrripsikeun maké analisis déskriptif perséntase.

Rarancang anu jadi dasasar kagiatan nu rék dilaksanakeun baris di desain saperti bagan 3.1.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



### 3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data panalungtikan diayakeun di sakola SMP Negeri 9 Bandung rinéhna nu aya di Jalan Semar no 5, Kelurahan Arjuna, Kecamatan Cicendo, Kota Bandung. Sedengkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kasalahan éjahan dina karangan narasi kaulinan barudak siswa kelas VII SMP Negeri 9 Bandung Taun Ajar 2022/2023. Sumber datana nyaéta hasil karangan anu disusun ku siswa kelas VII SMP Negeri 9 Bandung taun ajar 2022/2023. Dina ngumpulkeun

datana, panalungtik ngagunakeun téhnik sampel, nurutkeun Sugiyono (2018, kc. 81), sampel mangrupa bagian tina jumlah jeung karakteristik nu dipiboga ku éta populasi. Sampel dicokot tina pupulasi kudu bener-bener répréséntatif (ngawakilan). Hartina ieu data téh dicokot wawakilna atawa sawaréh tina sakabéh populasi. Sampel nu geus dikumpulkeun tuluy dipilih ngaliwatan sampel purposif (*purposive sampling*), hartina panalungtik ngumpulkeun data ku cara netepkeun kritéria nu geus ditangtukeun ku panalungtik. Anapon kritéria saperti ieu di handap.

- 1) Siswa-Siswi Kelas VII SMP Negeri 9 Bandung Taun Ajar 2022/2023
- 2) Siswa-Siswi Kelas VII C
- 3) Kungsi diajar basa Sunda di kelas
- 4) *Ranking* ti 1 nepi ka 10

Dumasar kana kritéria di luhur, ku kituna sampel nu dicokot jumlahna 10 urang, lantaran spékulasi panalungtik yén siswa nu rangking ti 1-10 bakal katitén éjahan basa Sunda nu dipakéna téh geus hadé, ku kituna sampel nu dipaluruh téh siswa-siswi kelas VII-C nu ranking ti 1 nepi ka 10.

Sanggeus kitu, tina éta sumber data téh tuluy dicatet kasalahan éjahanana, anu ngawengku kasalahan makéna aksara, kasalahan nuliskeun kecap, kasalahan nuliskeun unsur serepan, jeung kasalahan makéna tanda baca.

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés jeung angkét. Ieu téhnik dipaké pikeun ngumpulkeun data sangkan engkéna diukur tingkat kasalahan éjahan sarta faktor nu mangaruhan kasalahan éjahan basa Sunda siswa kelas VII SMP Negeri 9 Bandung Taun Ajar 2022/2023.

Dina ngumpulkeun data, dilaksanakeun ngaliwatan sababaraha léngkah saperti ieu di handap.

- a. Ngayakeun tés tulis anu mangrupa karangan narasi kaulinan barudak siswa;
- b. Ngumpulkeun data anu mangrupa karangan narasi kaulinan barudak siswa;
- c. Nyortir hasil karangan narasi kaulinan barudak siswa;
- d. Ngabagikeun angkét nu mangrupa patalékan pikeun dijawab ku siswa ngeunaan éjahan basa Sunda.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nyaéta alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 192) instrumén panalungtikan mangrupa alat anu dipaké dina waktu panalungtikan anu ngagunakeun hiji métode. Instrumén panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta lembar tést ngarang, kartu data, jeung angkét.

#### 3.4.1 Lembar Tést Ngarang

Lembar tést ngarang dipaké pikeun nyieun data tuluy dikumpulkeun anu mangrupa téks karangan narasi kaulinan barudak siswa. Ieu lembar téks téh eusina mangrupa kalimah paréntah ka siswa sangkan nyieun téks narasi ngeunaan kaulinan barudak boh éta pangalaman sorangan boh ngarang, sarta lembar karangan anu mangrupa kertas kosong pikeun hasil karanganana. Wangun paréntah téсна saperti ieu di handap.

Tabél 3.1 Lembar Tést Ngarang

TÉST NYIEUN KARANGAN NARASI KAULINAN BARUDAK	
Pék jieun hiji karangan wangunna téks narasi ngeunaan kaulinan barudak, katangtuanna kawas kieu:	
1. Téma	: Kaulinan Barudak (kaulinana bébas)
2. Panjang Karangan	: Minimal tilu paragraf
3. Waktu	: 1 jam pelajaran
4. Caritana bisa maké pangalaman sorangan bisa ogé ngarang	
5. Perhatikeun éjahan basa sundana!	
Tulis ngaran jeung kelasna di luhur karangan hidep!	

#### 3.4.2 Kartu Data Digital

Kartu data digital dipaké pikeun ngolah data hususna pikeun nyatetkeun kasalahan éjahan nu aya dina karangan narasi kaulinan barudak siswa kelas VII SMP Negeri 9 Bandung taun ajar 2022/2023, eusina mangrupa data kecap anu

salah, kode, kecap nu sabenerna, jeung tipe kasalahanana. Wangun kartu datana saperti ieu di handap.

Tabél 3.2 Kartu Data Digital

No.	No. Data	Kalimah	Kasalahan	Kuduna	Kat.	Jumlah
1.	(001)	Cutatan kalimah anu salah (Kode Data)	Kasalahan Éjahan	Éjahan anu bener	Keterangan Éjahan anu salah	Jumlah kasalahan
jst.	jst.					

### 3.4.3 Angkét

Angkét dipaké pikeun maluruh informasi ngeunaan faktor nu mangaruhan siswa kelas VII SMP Negeri 9 Bandung taun ajar 2022/2023 dina nyieun kasalahan éjahan basa Sunda. Luyu jeung nu ditétélakeun ku Suharsimi (2006, kc. 151) yén instrumén angkét atawa kuisionér mangrupa patalékan-patalékan tinulis nu dipaké pikeun meunangkeun informasi ti réspodén dina harti laporan ngeunaan diri pribadina atawa hal-hal nu dipikanyaho ku manéhna. Cindekna mah angkét téh mangrupa salasihiji cara pikeun ngumpulkeun informasi ku cara nyieun runtuyan patalékan ngeunaan hal-hal nu rék ditalungtik.

Angkét dijieun ngaliwatan *google form*, anu satuluyna dibagikeun ka siswa sangkan dieusian kalayan jujur. Unggal patalékan meunang skala 1-4 nu miboga harti 1 (teu pernah/*belum pernah*), 2 (jarang), 3 (mindeng/*sering*), 4 (osok/*selalu*). Wangun angkétna saperti tabél 3.1 di handap.

Tabél 3.3 Angkét

No.	Indikator	Patalékan
1.	Kapangaruhan basa séjén	Naha hidep kungsi maké basa séjén lian ti basa Sunda nalika ngobrol jeung guru? ( <i>Apakah kamu pernah memakai bahasa lain selain bahasa Sunda ketika berbicara dengan guru?</i> )
		Naha hidep kungsi maké basa séjén lian ti basa Sunda nalika ngobrol jeung babaturan? ( <i>Apakah kamu pernah</i>

No.	Indikator	Patalékan
		<p><i>memakai bahasa lain selain bahasa Sunda ketika berbicara dengan teman?)</i></p> <p>Naha hidep paham kana makéna basa Sunda? (<i>Apakah kamu paham dengan penggunaan bahasa Sunda?</i>)</p> <p>Naha hidep kungsi maké basa Sunda nu hadé nalika di sakola? (<i>Apakah kamu pernah memakai bahasa Sunda yang baik saat berada di sekolah?</i>)</p> <p>Naha hidep aya bangbaluh nalika ngalarapkeun éjahan dina panulisan téks karangan? (<i>Apakah kamu ada kesulitan dalam menerapkan ejaan dalam penulisan teks karangan?</i>)</p>
2.	Kurangna pamahaman kana basa nu dipakéna	<p>Naha hidep paham dina makéna aksara abjad, vokal, konsonan, kapital, condong, jeung kandel dina panulisan éjahan basa Sunda? (<i>Apakah kamu paham dalam menggunakan huruf abjad, vokal, konsonan, kapital, miring, dan tebal dalam penulisan ejaan bahasa Sunda?</i>)</p> <p>Naha hidep paham cara nuliskeun kecap rundayan, kantétan, jsb. dina panulisan éjahan basa Sunda? (<i>Apakah kamu paham cara menuliskan kata imbuhan, kata pengulangan, dll. dalam penulisan ejaan bahasa Sunda?</i>)</p> <p>Naha hidep paham cara nuliskeun tanda baca dina panulisan éjahan basa Sunda? (<i>Apakah kamu paham cara menuliskan tanda baca dalam penulisan ejaan bahasa Sunda?</i>)</p> <p>Naha hidep paham cara nuliskeun unsur serepan dina panulisan éjahan basa Sunda? (<i>Apakah kamu paham cara menuliskan kata serapan dalam penulisan bahasa Sunda?</i>)</p>
3.	Pangajaran basa nu kurang	<p>Naha guru hidep kungsi ngajelaskeun matéri ngeunaan éjahan basa Sunda? (<i>Apakah guru kamu pernah menjelaskan materi mengenai ejaan bahasa Sunda?</i>)</p>

No.	Indikator	Patalékan
		Naha guru hidep méré motivasi hidep sangkan ngawasa éjahan basa Sunda? ( <i>Apakah guru kamu memberikan motivasi agar kamu menguasai ejaan bahasa Sunda?</i> )
		Naha hidep aya lolongkrang waktu pikeun diajar éjahan basa Sunda? ( <i>Apakah kamu ada waktu luang untuk belajar ejaan bahasa Sunda?</i> )
		Naha metode pembelajaran éjahan basa Sunda monoton? ( <i>Apakah metode pembelajaran ejaan bahasa Sunda monoton?</i> )
		Naha hidep kungsi nanya ka guru nalika aya bangbaluh nalika diajar éjahan basa Sunda? ( <i>Apakah kamu pernah bertanya pada guru ketika ada kesulitan dalam belajar ejaan bahasa Sunda?</i> )

### 3.5 Téhnik Ngolah Data

Nurutkeun Nazir (2014, kc. 315) anu dimaksud téhnik ngolah data atawa analisis data nyaéta ngelompokkeun, nyieun hiji runtuyan, ngamanipulasi, sarta nyinggetkeun data sangkan babari dibacana. Téhnik nu dipaké dina ngolah data nyaéta téhnik analisis dokumén. Analisis dokumén nyaéta panalungtikan nu dilaksanakeun dumasar kana informasi anu didokumentasikeun, boh gambar, sora, tulisan, atawa wangun séjénna. Dokumén nu dimaksud didieu nyaéta hasil karangan narasi kaulinan barudak siswa kelas VII SMP Negeri 9 Bandung taun ajar 2022/2023.

Éta data téh tuluy diolah ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a. Ngaruntuykeun kasalahan nu kapanggih.
- b. Nganomeran kasalahan nu kapanggih.
- c. Nyalin kasalahan nu kapanggih kana kartu data.
- d. Ngawincik kasalahan dumasar tipe kasalahanana.
- e. Nganalisis kasalahan anu ngawengku kasalahan-kasalahan dina nulis makéna aksara, kasalahan nuliskeun kecap, kasalahan makéna tanda baca, sarta kasalahan cara nuliskeun unsur serepan.

- f. Nafsirkeun kasalahan.
- g. Nyindekkeun hasil.

Lian ti éta, data nu mangrupa angkét dipaké pikeun maluruh faktor nu mangaruhan siswa kana kasalahan éjahan dina nulis karangan basa Sunda. Cara ngolah data angkét ngaliwatan opat léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Réduksi jeung kategorisasi data.
- 2) Nyajikeun data jeung hasilna ngaliwatan analisis data déskriptif perséntase.

$$P = \frac{F}{N} \times 100\%$$

Katerangan :

- P = Perséntase Jawaban
- F = Frékuénsi nilai nu dihasilkeun tina sakabéh item
- N = Jumlah Réspodén
- 100% = Bilangan Tetep

Data nu geus diperséntase tuluy direkapitulasikeun dumasar kana kriteria kawas kieu:

- 81% - 100% dikatégorikeun luhur pisan
  - 61% - 80% dikatégorikeun luhur
  - 41% - 60% dikatégorikeun sedeng
  - 21% - 40% dikatégorikeun handap
  - 0% - 20% dikatégorikeun handap pisan
- 3) Nafsirkeun hasil data dina wangun déskriptif sangkan gampang dipikapaham.
  - 4) Nyindekkeun hasil.